

# ICE rete machin mwen! Kisa dwa mwen ye?



IDP resevwa anpil rapò de ICE ka'p kanpe machin pou yo arete moun nan New York. Anpil fwa, ICE rete machin lè yo ap chache yon moun pou yo depòte. **Yon jan ICE ka jwenn ou lè wap kondwi se lan itilize enfòmasyon rejistrasyon machin nan ak nimero plak la.**

**ATANSYON!** Pafwa, Polisye ICE yo kanpe yon machin pou tèt jan yon moun paret, pa egzanp ras oubyen koulè moun nan men'm si li pa legal pou yo fè sa. Si ou kwè yo te rete'w akòz dè ras ou, sonje kijan ICE trete'w pou ou pataje'l avèk moun kap reprezante'w legalman. Revandike dwa'w ka edew konbat pwoblèm ou te genyen lè yo te rete'w.

## ⚠ FÈ ATANSYON! ⚠

IDP enfòm konman ICE itilize anpil fòs ak britalite tankou:

- mete machin an kwa pou yo bloke machin ki ap desan nan wout i la;
- kraze fenèt oubyen ouvè yon pòt pou yo rale moun nan mete deyò machin nan;
- kanpe yon machin avèk zam nan men yo - yo fè konnen ke se reprezantan stifeian yo ye

**ICE chanje apwòch yo souvan, alò konpran' dwa'w pou ou deside kisa ki plis nan avantaj ou.**

## KISA MWEN DWE FÈ?

### Eske mwen dwe kanpe machin nan?

Nan New York, si yon polisye rete ou ou dwe kanpe machin nan si wap kondwi, men'm si ou panse'w pa fè anyen. Si ICE ap eseye kanpe machin ou an e ou pa rete, yo ka itilize fòs ak vyolans pou yo kanpe machin ou an.

### Kijan map fe konnen kiyès ki rete mwen?

Ou gen dwa pa konnen kiyès ki rete'w. Ofisye ICE yo, trè souvan yo itilize machin ki pa make e yo abiye ak rad sivil oubyen vès ki di "POLICE". Yo gen dwa pa di'w ke yo se ICE jiskaske yo arete yon moun. Avan ou di non'w oubyen nenpòt ki bagay, mande ofisye yo kiyès yo ye ak kat idantifikasyon yo.

- "Eske ou se Polis?"
- "Eske ou se patwouy otorout?"
- "Eske ou se imigrasyon?"
- "Poukisa ou rete'm?"

### Eske mwen bezwen desann fenèt machin mwen?

Desann fenèt machin ou an Sèlman si ofisye a mande pou'w fè sa. Si yo mande'w, Ou ka desan' fenèt la tou piti. Sa ka anpeche ofisye a foute men li anndan machin ou an. Konnen ke ICE gen dwa pa tan'n ou desann fenèt ou a. Ofisye a ka annik ouvè pot la oubyen kraze fenèt la pou yo retire'w oubyen retire yon lòt mou'n nan machin nan.

## SONJE!

Ofisye ICE yo ka aji ak agresivite pou fè'w santi ou pa kapab revandike dwa'w. Deside kisa ki gen mwens danje nan sitiyasyon an - si ou santi yap fose'w pou ou swiv kòmand ICE yo, ou ka di yo ou pa bay konsantman'w.

# ESKE MWEN DWE...

## Bay Ofisye a kat Idantite mwen?

Si ofisye a mande Kat Idantite ou, montre yo sèlman yon pemi kondwi oubyen yon lòt fòm idantite ke gouvènman Ameriken an ba ou. PIGA ou bay ofisye yo dokiman etranje oubyen dokiman ki falsifye. Pa egzanzp yon paspò oubyen yon visa ki expire.

Nan NY, **MOUN KAP CONDWI** a dwe montre nenpòt ofisye yon pemi kondwi.

Si ou se yon **PASAJE**, ou **PA** bezwen montre ofisye a oken'n kat idantite ni bay nenpot enfomasyon pesonel, sa enkli non ou, adrès ou oubyen kote out te fètòr place of birth.

“Eske mwen lib pou mwen ale?”

“Mwen pa konsanti pou'm bay kat idantite'm oubyen repon'n kesyon ou yo.”

## Sòti nan machin nan?

Ofisye ICE yo ka òdone'w pou ou sòti nan machin nan pou “proteksyon ofisye yo”. Ofisye yo gen dwa arete'w lè ou sòti nan machin nan. Anvan ou sòti, ou ka mande ofisye yo pou yo ba ou rezon poukisa yo rete machin ou an epi mande yo pou yo idantifye tèt yo.

- “Eske mwen lib pou mwen ale?”

- “Kiyès ou ye?”

- “Poukisa'w rete'm?”

## Kite ICE fouye pòch mwen oubyen pozasyon mwen yo?

ICE pa ka chache anyen san yon manda legal oubyen konsantman'w! Men, ofisye yo gen dwa manyen kò ak rad yon moun pou proteksyon ofisye yo oubyen si yap arete moun nan.

## Kite ICE fouye machin mwen?

Jeneralman, ICE paka fouye yon machin (sa enkli kòf gan ak kòf machin nan) san yon manda jidisyèl oubyen konsantman mèt machin nan. Si ICE fouye machin ou kanmenm, ou ka toujou di yo ke ou pa bay konsantman .

## Kite ICE pran anprent mwen?

Ofisye ICE yo ka pran anprent ou si yo gen rezon pou sispek ke ou vyole yon lwa imigrasyon oubyen sa fè pati de arestasyon an. Si ofisye pa konnen kiyès ou ye oubyen ou sispek yap mande pou anprent ou pou tèt jan ou paret (ras ak koulè'w), ou ka refize oubyen mande poukisa yo bezwen anprent ou.

## ⚠ FÈ ATANSYON! ⚠

Li gen dwa pa fasil pou ou rekonèt si ofisye a ap chache yon moun patikilye nan machin nan oubyen seleksyone moun pou arete. ICE gen dwa di non yon moun ki nan machin nan oubyen montre papye ki gen non yon moun ki nan machin nan.

Si ou toujou pa konnen kiyès ICE ap chache, ou ka mande yo “eske mwen lib pou mwen ale?” oubyen “Poukisa ou rete mwen?”

Nan nenpòt ki sitiasyon, pa bay manti e pa montre dokiman ki falsifye.

## SONJE!

**Pa repon'n kesyon a pwopo de kibò ou fèt – ICE ka eseye itilize sa kont ou pou yo depòte'w!**

### ICE RETE MACHIN MWEN AN, KISA DWA MWEN YE?

Dwa ou nan yon machin lè ICE rete'w men'm avèk dwa'wu nan piblik. Ou dwe afime dwa'w men'm si ofisye ICE yo inyore'w. Itilize dwa sa yo ka ede'w konbat pwoblem legal.



Ou gen dwa **RETE AN SILANS** e pa repon'n kesyon a pwopo istwa kriminèl ak istwa imigrasyon'w. **PA** bay manti e pa montre dokiman ki falsifye. **PA** kouri oubyen reziste arè, paske sa ka fè sitiyasyon an vini pi mal.

**“Mwen vle itilize dwa mwen yo pou mwen pa repon'n kesyon ou.”**



Ou gen dwa **ALE SI YO PA ARETE'W.**

**“Èske mwen lib pou mwen ale?”**

Si ICE di **NON**, itilize dwa'w pou ou **RETE AN SILANS.**

**“Mwen vle itilize dwa mwen pou mwen pa repon'n kesyon.”**

**“Mwen vle pale avèk yon avoka.”**

Si ICE di **WI**,

**“Mwen pa vle repon'n kesyon ou yo.”**

Tan'n jiskaske ofisye a ale yon bon distans pou ou kondwi oubyen mache.



Ou gen dwa pou ou **POZE KESYON** pou ou konnen kiyès ofisye yo ye e poukisa yo rete machin ou an.

**“Èske ou se polis?” • “Èske ou se patwouy otorout?”**

**“Èske ou se imigrasyon?” • “Poukisa ou rete mwen?”**



Si ou se **PASAJE A**, ou gen dwa **REFIZE BAY OFISYE YO YON KAT IDANTIFIKASYON** tubyen nenpot enfòmasyon pèsoneel tankou non ou, adrès ou, oubyen kote ou te fet.

**“Èske mwen lib pou mwen ale?”**

**“Mwen pa bay konsantman pou'm bay idantifikasyon mwen oubyen ni repon'n kesyon ou yo.”**

## KENBE PAJ SA NAN MACHIN OU!



Ou gen dwa pou ou **MANDE OFISYE YO SI YO GENYEN YON MANDA** e li manda yo genyen an si yo genyen you'n. Men'm si ICE pa bezwen yon manda pou yo sispan'n machin nan, yo pa ta sipoze arete yon mou'n amwenke yo genyen yon manda pou yo arete moun nan oubyen si moun nan di ofisye a ke yo pa genyen oken'n papye imigrasyon.

**“Eske ou genyen yon manda?”**

Si ICE di **NON**, itilize dwa'w pou ou rete an silans

**“Mwen vle itilize dwa'm pou mwen rete an silans.”**

**“Poukisa ou rete mwen?”**

**“Eske mwen lib pou mwen ale?”**

Si ICE di **WI**,

**“Mwen pa vle repon'n kesyon ou yo, mwen ta renmen wè yon manda.”**



Ou gen dwa pou ou refize fousy nan pòch ou yo depase de manyen ko'w ak rad ou pou proteksyon ofisye a. **SONJE**, manyen ko'w ak rad ou pa enkli ofisye fouye pòch ou ak lòt bagay ou posede.

**“Mwen pa konsanti ak fousy sa.”**

**“Mwen pa vle ou fouye pòch mwen.”**



Ou gen dwa refize kite yo fouye machin ou, sa enkli kòf machin nan ak kòf gan.

**“Mwen pa konsanti ak fousy sa.”**

**“Mwen pa vle ou fouye machin mwen an.”**



Ou gen dwa refize kite **ICE PRAN ANPRET OU**, amwenke ou sou arestasyon. Si ofisye yo fose'w pou yo pran anprent ou, ou gen dwa poze kesyon a pwopo de rezon ki fè yap pran anprent ou.

**“Poukisa wap pran anprent mwen?”**

**“Mwen pa konsanti pou ou pran anprent mwen.”**